**Informaciyalıq sistemalar hám resurslardan paydalanıwda paydalanıwshı parollerıne qoyılatuğın**

**TALAPLAR**

1. Paydalanıwshı 60 kalendar kúnde keminde bir márte parolların almastırıp turıwı shárt.

2. Paroldi tańlawda tómendegi talaplarğa ámel etiw zárúr:

- paydalanıwshı paroliniń minimal uzınlığı 8 belgiden az bolmawı;
- parol sanlar, úlken hám kishi latın álipbesi háripleri, arnawlı simvollar (!, #, $, &, *, % h.t.b.) kombinaciyasınan ibarat boliwi;
- jańa parol aldın paydalanılğan 3 paroldı qaytarmawı.

3. Paydalanıwshı óz parolın qorğawdıń alternativ ilajların kóriwi shárt:

- parollardıń konfidenciallığın saqlaw;
- kompyuter, informaciya sistemaları hám resurslarına kiriw ushin birdey parollardan paydalanbaw;
- brauzerlerdiń parollardı este saqlaw funkciyasınan paydalanbaw;
- ózine tiyisli parollerdi hesh kimge, sonıń ishinde óz baslığı, kásiplesleri, tanısları yamasa tuwısqanlarına bermewi (zárúrlik tuwılğanda tek ğana shólkemdegi informaciya qáwipsizligine juwapker xızmetkerge beriw múmkin).

4. Eger parol komprometaciyağa ushırağan dep gúman etilse, xizmetker dárhal informaciya qáwipsizligine juwapker xızmetkerge xabar beriwi shárt.

5. Rejeden tıs parol ózgertiliwi belgilengen xızmetkerler tárepinen ámelge asırıladı.

6. Xızmetkerdiń dizimge alıw jazıwların óshiriw arqalı kiriwdi jabıw onıń wákillikleri tamamlanğan jağdayda (jumıstan bosatıw, basqa jumısqa ótiw hám t.b.) ámelge asırıladı hám usı xızmetkerdiń sistemadağı sońğı sessiyası tamam bolğannan soń dárhal ámelge asırılıwı kerek.

7. Informaciya sistemaları hám resurslarına 3 (úsh) márte qate parol terilse kiriw bloklanıwı kerek.